

## Glosè fèy de wout pou fanmi

Glosè sa se yon lis mo komen yo itilize nan edikasyon. Li enkli definisyon senp ak esplikasyon tèm komen yo de lekòl ak edikasyon. Resous sa a pral ede w pi byen konprann edikasyon pitit ou.

### Pwogram pou apre lekòl

Pwogram apre lekòl yo se aktivite ki fèt andeyò orè regilye lekòl la. Pwogram sa yo fèt pou ede elèv yo aprann nouvo bagay. Yo se yon kote tou pou elèv yo amize epi yo ka an sekirite pandan paran yo oswa gadyen yo nan travay toujou. Kèk pwogram apre lekòl kaab gen ladan ekip espò, kou atizay, leson mizik, oswa leson patikilye. Pitit ou a pa oblije patisipe nan pwogram sa yo. Yo opsyonèl.

### Prezans

Prezans vle di ale lekòl regilyèman. Ou dwe ale lekòl chak jou. Yo ta dwe manke lekòl sèlman si yo malad oswa pou yon lòt rezon enpòtan. Li enpòtan pou w lekòl la pou aprann ak pase tan ak zanmi w yo. Lè pitit ou a rate lekòl, li ka rete dèyè epi li rate aktivite amizan ak res klas la. Pou aprann plis, ou ka vizite [paj Sipò pou Prezans lan sou sitwèb Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a](#).

### Fòmasyon Pwofesyonèl Teknik (CTE)

Fòmasyon Pwofesyonèl Teknik (CTE) se yon tip edikasyon ki ede elèv yo aprann konpetans ak konesans ki ka prepare yo pou diferan karyè ak travay. Elèv yo ka aprann konpetans pratik ak pratik nan matyè tankou teknoloji, swen sante, jeni, ak anpil lòt. Se yon fason pou elèv yo eksplòre diferan opsyon karyè ak jwenn esperyans ki gen anpil valè pou ede yo reyisi alavni.

### Aprenan De Lang (DLL)

Nan sistèm swen ak edikasyon bonè, elèv k ap aprann de lang yo aprann de oswa plis lang an menm tan depi yo fèt oswa yo aprann yon dezyèm lang apre yo fin aprann premye lang yo. Yo itilize tèm sa a pou elèv ki poko enskri nan jadendanfan. Yo genyen

konpetans lang debaz yo nan premye lang yo ansanm ak anglè kòm yon dezyèm lang oswa nouvo lang.

## Nivo edikasyon

Gen diferan nivo edikasyon elèv yo pase. Genyen senk nivo prensipal: lekòl matènèl, lekòl primè, lekòl twazyèm sik fondamantal, lekòl segondè, ak edikasyon apre segondè. Ou kapab aprann plis sou sitwèb [USA Hello a](#).

### Lekòl matènèl

Lekòl matènèl se yon lekòl kote timoun piti yo ale jwe ak aprann anvan yo kòmanse ale nan jadendanfan. Anjeneral timoun yo ale lekòl matènèl ant 3 ak 5 . Ale lekòl matènèl ede timoun yo abitye ak yon woutin lekòl. Li pèmèt yo aprann epi rantre nan aktivite amizan ak lòt moun ki gen menm ak laj yo. Nan laj sa a, yo kapab idantifye elèv yo kòm Moun k ap Aprann De Lang.

Pafwa fanmi yo dwe peye pou pitit yo ale lekòl matènèl. Gen opsyon lekòl matènèl gratis pou fanmi ki gen revni fèb atravè [Head Start program](#). Timoun nan lekòl matènèl aprann fason pou yo ye ak lòt timoun epi prepare pou klas jadendanfan. Lekòl matènèl se yon moman tou kote pwofesè yo ak fanmi yo kapab idantifye bezwen espesyal aprantisaj oswa devlopman. Ansanm, fanmi yo ak pwofesè lekòl matènèl yo kapab ede jwenn swen sante, aprantisaj, ak lòt sipò ki pral sipòte bezwen espesyal timoun nan. Nan ohio, [Help Me Grow program](#) bay anpil sipò pou fanmi jèn timoun yo.

### Jadendanfan

Timoun yo kòmanse lekòl piblik ak jadendanfan alantou 5 . Klas jadendanfan yo ka pi kout (mwatye jounen) oswa pi long (tout jounen). Klas jadendanfan ki mwatye jounen yo kapab fèt nan maten oswa nan apremidi. Kantite tan timoun yo pase nan klas jadendanfan yo depann de distri lekòl la.

### Lekòl Elemantè

Timoun yo ale nan lekòl primè/elemantè soti nan klas matènèl jiska senkyèm ane. Pifò elèv fini lekòl primè a 10 . Apre klas jadendanfan, ane k ap vini an se premye ane.

Anjeneral timoun nan lekòl primè aprann diferan matyè nan men yon pwofesè nan yon

sèl salklas. Yo aprann devlope konpetans ekriti ak matematik epi aprann lekti, panse kritik, ak rezoud pwoblèm.

## Twazyèm sik fondamantal

Nan twazyèm sik fondamantal, elèv yo genyen anviwon 11 a 13 . Li kòmanse nan sizyèm ane epi li fini nan uityèm ane. Elèv twazyèm sik fondamantal yo anjeneral ale nan diferan salklas pou diferan matyè epi yo gen pwofesè diferan nan yon jounen lekòl.

## Lekòl segondè

Anjeneral, elèv yo ale nan lekòl segondè lè yo gen 14 a 18 . Kèk elèv ki bezwen plis èd kapab ale nan lekòl segondè jiska 22 .

Lekòl segondè kòmanse nan nevyèm ane e li fini nan filo. Klas yo ranje pa matyè. Anjeneral, yon elèv gen pwofesè diferan pandan jounen an. Gen kèk elèv ki ka pran klas avanse epi prepare pou travay oswa inivèsite. Elèv yo ka chwazi tou pou yo ale nan yon pwogram [Fòmasyon Pwofesyonèl Teknik](#) pou lekòl segondè. Lekòl segondè yo gen klib, espò, ak lòt aktivite tou.

Nan lekòl segondè, chak klas gen yon non:

- Premye Ane (9èm ane).
- Dezyèm Ane (twazyèm segondè)
- Twazyèm Ane (Segond)
- Katriyèm Ane (Filo)

## Dwa Edikasyon

Dwa sivil yo te kreye nan peyi Etazini pou asire tout moun gen opòtinite egal ak pwoteksyon legal, kèlkeswa ras yo, relijyon yo, oswa lòt karakteristik pèsònèl yo. Kèk egzantp dwa sivil yo se dwa ka yon edikasyon piblik, dwa pou vote, jwenn èd nan men gouvènman an, ak dwa pou itilize espas piblik yo. Dwa sivil yo se fondasyon dwa elèv yo ak fanmi yo genyen nan edikasyon.

Fanmi ak elèv ki resevwa sipò nan lang anglè a genyen dwa. Sa vle di ou ka pran desizyon epi poze aksyon pou ede pitit ou aprann epi reyisi lekòl. Dwa sa yo enpòtan pou asire paran yo ak fanmi yo, tankou pa w la, yo trete san patipri epi pou pitit ou

jwenn pi bon edikasyon posib.

## Enskripsyon

Enskripsyon se lè ou enskri pitit ou pou ale nan yon lekòl. Se tankou rantre nan yon klèb oswa ekip, olye w rantre nan yon lekòl. Sa vle di pitit ou a pral yon elèv la. Tout timoun ki gen ant 5 ak 18 dwe enskri lekòl.

## Aprenan anglè

Lekòl yo ka itilize tèm sa a pou elèv ki pale plis pase yon lang epi ki gen nòt egzamen anglè pi ba pase yon nivo konpetans nan lekti, ekriti, oswa pale. Elèv sa yo enskri lekòl e yo resevwa ansèyman ak lòt sipò pou aprann pale, li, ekri ak konprann anglè.

Anjeneral, elèv k ap aprann anglè pale youn oswa plizyè lang ki pa anglè lakay yo.

## Sipò pou lang anglè (èd adisyonèl pou amelyore konpetans anglè)

Chak lekòl dwe bay èd adisyonèl pou elèv ki bezwen amelyore konpetans anglè yo.

Chak lekòl kapab anseye angle nan yon fason diferan. Chak ane, pitit ou ap pase yon tès ( Ohio English Language Assessment) pou verifye konpetans lang anglè yo. Pitit ou ap jwenn sipò nan lang anglè jiskaske li pase tès la.

Sipò pou lang anglè kapab gen ladan l:

- Klas pou ede elèv yo aprann anglè.
- Èd adisyonèl pandan klas regilye, tankou syans oswa matematik, pou ede elèv yo konprann sa y ap aprann.

## KONpetans Lang Anglè

Konpetans nan lang angle vle di yo kapab pale, konprann, li, ak ekri anglè trè byen.

Lekòl yo itilize tès (tankou Evalyasyon Konpetans Lang Anglè Ohio) pou verifye kijan elèv yo itilize anglè. Li pran tan ak pratik pou bon ladan l. Lè yon moun gen konpetans nan lang anglè, yo kapab kominike byen nan lang anglè (pale, li, ekri, ak konpreyansyon).

## Aktivite paraskolè

Aktivite paraskolè yo se aktivite pitit ou a ka patisipe andeyò jounen lekòl regilye yo. Aktivite sa yo kapab espò, mizik, klèb, oswa volontè. Yo kapab ede pitit ou fè nouvo zanmi, aprann nouvo ladrès, ak amize. Sa a tou se yon gwo fason pou yo rete aktif ak an sante.

## Lyezon famiyal

Yon lyezon famiyal se yon moun ki kapab pale plis pase yon lang epi ede fanmi yo ak lekòl yo travay ansanm. Yo travay ak paran, pwofesè, ak lekòl pou asire tout moun konprann youn lòt. Sa a ede elèv yo travay pi byen lekòl.

## Èd Finansye

Èd finansye pou elèv Ozetazini se lajan elèv yo kapab jwenn pou ede peye edikasyon apre lekòl segondè tankou inivèsite oswa fòmasyon pwofesyonèl teknik. Lajan sa a kapab soti nan gouvènman an, lekòl, ak gwoup prive yo. Li kapab bay tankou yon sibvansyon, yon prè, yon travay-etid travay, oswa yon bousdetid. Pou aplike pou èd federal, elèv yo bezwen ranpli [Free Application for Federal Student Aid \(FAFSA\)](#).

## Manje gratis ak pri redui

Manje gratis ak redui se repa elèv yo kapab jwenn lekòl pou yon ti frè oswa gratis. Fanmi ki gen yon pi fèb revni kapab kalifye pou manje sa yo epi yo kapab aplike pou jwenn yo. Yon pwogram Depatman Edikasyon Etazini bay chak eta finansman pou ede peye pou manje sa yo ak lòt sipò pou fanmi ki gen pi fèb revni yo.

## Edikasyon pou sidwe

Edikasyon pou moun ki gen talan vle di bay klas espesyal oswa pwogram pou elèv ki gen talan nan sèten matyè. Klas sa yo bay elèv yo chans pou yo aprann plis epi pou yo jwenn defi nan fason ki koresponn ak kapasite yo.

## Mwayèn

Mwayèn yo se nòt pwofesè yo bay elèv yo pou travay yo fè nan klas. Yo montre kijan

pitit ou byen konprann byen epi konplete devwa yo. Yo kapab itilize yo pou suiv pwogrè pitit ou pandan ane lekòl la. Gwo mwayèn yo anjeneral vle di pi bon pèfòmans. Fèb mwayèn yo kapab montre domèn kote pitit ou kapab bezwen amelyore.

## Lekòl Adomisil (Aprann lakay)

Paran nan Ohio kapab chwazi edike pitit yo lakay yo olye pou yo voye yo lekòl. Yo jis bezwen enfòmè direktè distri lekòl lokal yo a epi swiv règleman lalwa Ohio yo pou edikasyon adomisil. Aprann plis sou paj [Home Schooling sou sitwèb Ohio Department of Education and Workforce la](#).

## Home Language Survey (Language Usage Survey) a

Language Usage survey se yon fòmilè lekòl yo chwazi pou aprann de lang fanmi yo pale lakay yo. Fanmi yo kapab itilize fòmilè sa a pou pataje lang yo prefere itilize. Lekòl la ta dwe itilize enfòmasyon ki nan fòmilè pou pataje enfòmasyon ak fanmi yo nan lang yo prefere itilize a. Elèv ki soti nan fanmi ki itilize yon lang ki pa anglè lakay yo kapab bezwen verifye si elèv la bezwen èd adisyonèl pou amelyore konpetans anglè.

## Entèpretasyon (oswa tradiksyon)

Entèpretasyon, oswa tradiksyon, vle di pran mo oswa fraz nan yon lang epi ekri oswa pale yo nan yon lòt lang. Li ede moun ki pale diferan lang konprann youn lòt pi byen.

## Entèprèt (oswa tradiktè)

Yon entèprèt oswa tradiktè se yon moun ki chanje sa yon moun di oswa ekri nan yon lang nan yon lòt lang. Sa ede moun ki pale diferan lang konprann youn lòt.

## Sante Mantal

Li enpòtan pou pran swen mantal nou menm jan nou pran swen kò nou. Sante mantal konsène fason nou santi ak panse. Li gen ladan l emosyon, konpòtman, ak fason pou aprann. Lè timoun yo gen bon sante mantal, yo kapab santi yo kontan ak konfyan.

Yokapab travay byen tou lekòl ak genyen bon relasyon ak fanmi e zanmi.

## Ohio Department of Education and Workforce

Ohio Department of Education and Workforce sipèvize lekòl ki anseye timoun nan Ohio. Ohio Department of Education and Workforce la se yon òganizasyon moun k ap travay ansanm pou ede lekòl yo ak pwofesè yo asire timoun yo ap aprann ak grandi. Yo kreye règleman epi bay konsèy pou ede lekòl yo vin pi bon yo.

## Ohio English Language Proficiency Assessment (OELPA)

Ohio English Language Proficiency Assessment se yon tès yo bay elèv yo konsidere kòm Aprenan Anglè. Tès la ede pwofesè yo konprann kijan elèv yo kapab tandè, pale, li ak ekri anglè. Li ede pwofesè yo konnen ki jan yo kapab amelyore konpetans lang yo. Tès sa enpòtan pou elèv ki bezwen èd adisyonèl pou aprann anglè pou yo kapab reyisi lekòl ak fè plis. Chak fwa elèv yo pran tès sa a lekòl dwe pataje rezilta yo ak fanmi yo.

## Alternate Ohio English Language Proficiency Assessment (Alt-OELPA)

Alternate Ohio English Language Proficiency Assessment (Alt-OELPA) se yon tès ki mezire kijan elèv k ap aprann angle nan klas matènèl rive nan filo, ki gen gwo andikap mantal, kapab konprann epi itilize lang anglè a. Tès la gade konpetans tandè, pale, lekti, ak ekriti yo epi lekti yo enkli lang anglè yo bezwen pou travay lekòl yo. Alt-OELPA bay elèv sa yo yon chans pou yo montre sa yo konnen nan yon tès ki baze sou diferan atant pou aprann anglè. Ou ka vizite paj [Alt-OELPA nan sitwèb Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a](#).

## Ohio English Language Proficiency Screener (OELPS)

Ohio English Language Proficiency Screener yon tès lekòl yo itilize pou detèmine si yon elèv konsidere kòm aprenan anglè epi si li bezwen èd pou aprann anglè. Anjeneral, elèv yo pran tès sa a apre fanmi yo fin ranpli Language Usage Survey oswa si lekòl la aprann fanmi yon elèv itilize yon lòt lang ki pa anglè lakay yo.

## Distri Eskolè

Yon distri lekòl se yon gwoup lekòl ki fè pati menm zòn nan. Yo travay ansanm pou

asire tout elèv ki nan zòn yo kapab ale nan yon bon lekòl. Chak distri lekòl gen pwòp règleman ak lidè ki pran desizyon pou tout lekòl nan distri a.

## Edikasyon Espesyal

Pwogram edikasyon espesyal yo bay elèv yo sipò si yo gen andikap fizik, mantal oswa lòt andikap. Elèv ki bezwen edikasyon espesyal kapab gen pwoblèm pou aprann nan yon salklas regilye. Yo kapab jwenn èd nan yon saldeklas diferan. Sa ede yo reyisi edikasyon yo. Sa ede yo aprann yon fason ki bon pou yo.

## Kan Ete

Kan Ete se yon plas kote timoun yo lae pandan poze ete yo de lekòl. Yo gen pou fè aktivite amizan tankou espò, atizay ak atizana, ak jwèt. Yo dwe fè tou nouvo zanmi. Yo kapab aprann nouvo bagay nan yon anviwònman ki an sekirite ak sipèvize.

## Inivèsite (oswa Fakilte)

Yon inivèsite oswa yon fakilte se yon kote etidyan yo ale pou kontinye aprann apre yo fin lekòl segondè. Yo pran kou pou prepare yo pou travay yo ta renmen genyen alavni. Inivèsite yo pi gwo pase lekòl segondè e yo gen anpil bilding pou etidyan yo ale, tankou salklas, bibliyotèk, ak dètwa.

## Aprantisaj Vityèl (oswa Aprantisaj A distans oswa Anliy)

Aprantisaj vityèl se lè elèv yo itilize teknoloji tankou òdinatè ak entènèt pou aprann. Elèv yo itilize aprantisaj vityèl lè yo aprann epi fè devwa yo anliy. Pwofesyonèl Aprantisaj vityèl kapab fèt nan lekòl la, nan kay la, nan bibliyotèk la, oswa nan lòt kote nan kominote a.

## Fòmasyon Pwofesyonèl (oswa Fòmasyon Pwofesyonèl

### Teknik)

Fòmasyon pwofesyonèl se yon lòt tip pwogram edikasyon elèv yo kapab patisipe nan lekòl segondè. Anjeneral, pwogram yo konsantre sou fòmasyon elèv yo pou yo antre nan yon karyè oswa yon komès espesifik, tankou soude, sekirite, agrikilti, ospitalite, konstriksyon oswa swen sante. Elèv ki nan pwogram sa yo kapab aprann tou konpetans

espesifik tankou fason pou deane òdinatè oswa pou kwit manje.

*Resous sa yo vize ranfòse akademik, byennèt elèv yo, ak inivèsite ak rezilta karyè pou aprenan miltileng nan Ohio. Resous yo te kreye atravè yon efò kolaborasyon ant Ohio Department of Education and Workforce and The Ohio State University's Center "Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio ak Sant" sou Edikasyon ak Fòmasyon pou Travay Ohio State University ansanm ak yon gwoup defansè fanmi devwe, lidè kominotè, pèsònèl distri lekòl la, ak pwofesè yo.*